ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№61 (23.719) ● 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 15, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

Лыхъжьым хуэгъэза хъуэхъу

«Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь, Хэку зауэшхуэм хэта Евтушенкэ Николай Никитэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 97-рэ ирокъу.

Абы и гъащІэр ди къэралым, ди республикэм пэжу яхуэлажьэныжьмкІэ щапхъэщ. Евтушенкэ Николай зауэмрэ лэжьыгъэмрэ щызэфІигъэкІа Іуэхушхуэхэм папщІэ кърата къэрал наградэ лъапІэхэм я нэхъыщхьэщ Лыхъжьым и Вагъуэр.

Си гуапэу сынохъуэхъу насып, мамырыгъэ, фІыгъуэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну», - инстагрململм щиІэ напэкІуэцІым иритхащ республикэм и унафэщІ КІуэкІуэ Юрий.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Щэнхабзэм гулытэ хуащІ

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм и районхэм щылажьэ Щэнхабзэмкіэ унэхэр 2018 гъэм зыхуей зэрыхуагъэзэнум епха Іуэхуэхэм. Абы хэтащ районхэм я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, республикэ унафэщІхэр, министрхэр.

АБЫХЭМ защыхуигъаэм, **КІуэкІуэ Юрий** къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэхэм гулытэ ин зэрыхуащІар.

- ЗэрытщІощи, 2017 гъэм тхуэзэфІэкІащ республикэм и къуэкэжьм щэнхабзэм и Іэхуащ1анІэу 11 къыщызэІутхыну. КъищынэмыщІауэ, иужьрей илъэсхэм къыдэхъулІахэм ящыщщ Музыкэ театрыр, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрыр, Курэгалъ зэрызэдгъэпэщыжар. АрщхьакІэ иджыри тщІэн хуей куэд щыІэщ, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм. - Псалъэм папщІэ, ди къуажьэхэм дэтщ 1920 - 1930 гъэхэм, 1950 - 1960 гъэхэм яхуэдэу щыта, абы лъандэрэ зэмылэжьа, кхъахэхьуа Іуэхущ1анІэхэр, я нэхъыбэм цыхухэр щызэхуэсын къудеи ямыІэу. Аэращ мы гъэм гулытэ зыхуэтщІыну ди мурадыр.

КІуэкІуэ Юрий кьыззохуэсахэм ягу къыгъэкІыжащ 2018 гъэм щэнхабзэмкІэ Іуэхущ1анІэхэр зэрызэрагъэпэщыжыну ахъшэр УФ-м и Президентым кьыхилъхьа, «2020 гъэ пщІондэ тІщІыхьауэ щэнхабзэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыныр и Іуэхукіэ» федеральнэ программэ хэхам кьызэрыхъэгъэм и 20 - 21-хэм республикэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэм. Апхуэдэу, Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым деж адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь кьыщызэрагъэпэщынущ, шэху уэздыгъэхэр щыпагъэнэнущ яп пщыхьэщхьэм. ЕтІуанэ махуэм сыхьэти 10-м гъущІ гъэзэгу вокзалым и утыкум деж щІыхуэхэр кьыщежьэнурэ, Лениным и уэрамымкІэ кьрикІуэурэ ГъащІэ жыгым деж щекІуэкІыну пэкІэм хьыхьэнущ. Зэхьыхьэхэм хэтынущ шууейхэри. Абдеж щекІуэкІыну дауэдапщэхэр зэфІэкІа нэужь, Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым, Налшык Гъуазджэхэмкіэ и музейм Щы-гъуэ-щІэж махуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр кьыщызэІуахьынущ, Къэрал киноконцерт гъэпъэгъуэпІэм франджы балеринэ Черинэ Людмилэ теухуа фильм щагъэлъэгъуэнущ.

Адыгэхэм я ЩІыгъуэ-щІэж махуэм хэтыну Тыркум кьикІынурэ кьэкІуэнущ ди лъэпкъыгъэу ныбжьыщІэ 44-рэ. Зэхагъэува программэ щхьэхуэм тету аэрэ Тэрч, Шэрэдж районхэм, Іуащхьэмахуэ лъапэ яшэнущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Адыгэхэм я Щыгъуэ-щІэж махуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд иригъэкІуэкІащ адыгэхэм я Щыгъуэ-щІэж махуэм пыща дауэдапщэхэр кьыззгъэпэщыным теухуа зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэ **Къардэн Мурат**, КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Тату Къазбэч**, республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КЪБР-м экстремизмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ япыщІа лэжьыгъэхэр щыІэныгъэм щызэхъуІуныжьмкІэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядалэжьэныжьмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ управленэм и унафэщІ **КІуразшын Анзор**, ДАХ-м и президент **Сэхъуроку Хъуэтий**, КъАХ-м и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий**, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ накъыгъэм и 20 - 21-хэм республикэм щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэм. Апхуэдэу, Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым деж адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь кьыщызэрагъэпэщынущ, шэху уэздыгъэхэр щыпагъэнэнущ яп пщыхьэщхьэм. ЕтІуанэ махуэм сыхьэти 10-м гъущІ гъэзэгу вокзалым и утыкум деж щІыхуэхэр кьыщежьэнурэ, Лениным и уэрамымкІэ кьрикІуэурэ ГъащІэ жыгым деж щекІуэкІыну пэкІэм хьыхьэнущ. Зэхьыхьэхэм хэтынущ шууейхэри. Абдеж щекІуэкІыну дауэдапщэхэр зэфІэкІа нэужь, Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым, Налшык Гъуазджэхэмкіэ и музейм Щы-гъуэ-щІэж махуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр кьыщызэІуахьынущ, Къэрал киноконцерт гъэпъэгъуэпІэм франджы балеринэ Черинэ Людмилэ теухуа фильм щагъэлъэгъуэнущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

«Студент гъатхэ-2018»

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал университетым я ІкІыІуэу 35-рэ нышэдибэ Налшык щалъэ щрагъэжьащ. Аэр хэтынущ мы гъэм Ставрополь къалэм щрагъэжьэкІ «Студент гъатхэ-2018» щІалэгъуалэ зэхьыхьэшхуэм.

ХЬЭГЪЭЖЕЙ Иринэ.

● Джэрпэджэж

ЯгъэІуа хъыбарыр пэжкъым

Иджыблагъэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэпрадзыжащ «Полк уахътыншэ» зэхьыхьэр иуха нэужь ветеранэм и сурэтхэр Бахьсэн и уэрамхэм хыфІадзэжауэ къышагъуэта хуэдэу. Бахьсэн къыхьлэм и щыналъэ администрацэм зэрыщыжаІамкІэ, ар пцІы зэфІэзэщщ.

МЫ ГЪЭМ «Полк уахътыншэм» и сатырхэм хэту Бахьсэн кьалэм и уэрамым кьрикІуащ абы и япэ илъэсым елъытауэ хуэдищкІэ нэхъыбэ - цІыху мин 16-м нэблагъэ. Апхуэдизэ цІыхур зэхуэзышэсар администрацэм и текъуэзныгъэркъым, атІэ абыхэм хэкур зыхъума, абы фашистхэр изыгъэхъэбзыкІыжа ди лІыхъужьхэм я фэеплъыр ягу зэрилъырщ.

Махуэшхуэм и пэ кьихуэу кьалэ администрацэм кьыщыІахащ «Полк уахътыншэм» хэтынухэм я заявкэхэмрэ абыхэм яІыгъыну сурэтхэмрэ. Абыхэм япкъ иткІэ администрацэм и унэм и щІыхьэпІэм деж кьыщызэрагъэпэщащ «Полк уахътыншэм» и фэеплъ блыныр».

Зи сурэтхэр Интернетым кьралъхьа ветеранхэу Яхэгъуауэ М. У., Джатокъуэ М. Хь., КІуэкІуэ Хь. Хь. сымэ ищхьэкІэ зи гугъу тщІа спискэм хэткъым. Абы къегъэльэгъуэ республикэм щызэпрадзыжа хъыбар мыщхьэмыпэр зэрымыпэжкІ. А псоми кьадэкІуэу кьыхэгъэщыпхъэщ Интернетым кьралъхьахэр Бахьсэн кьалэм кьызэрыщыхьуам и щыхьэту зыри зэрыщымыІэри.

КІэщІу жыпІэмэ, лъабжьэ зимыІэ хъыбарыр кьэзыгупсысахэм Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьхэм я фэеплъыр ягъэпудащ, цІыхубэ гуфІэгъуэр езыхэм я мурад фІейхэм хуэгъэзауэ кьагъэсэбэпыну хэтащ.

КЪБР-м и Бахьсэн кьалэ щІыналъэ администрацэ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 15, *гъубж*

♦Унагъуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Климатым и дунейпсо махуэщ

♦СПИД уэсыфэм иІыкІахэм я фэеплъ махуэщ

♦Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щагъэлъапІэ осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр

♦1935 гъэм Москва и метром и «Сокольники» - «Парк культуры» линэм япэ мафІэгу ириКІуащ.

♦1942 гъэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр зауэм кІуащ.

♦1945 гъэм Югославием и дзэм иухащ къэралыр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжьын.

♦1955 гъэм СССР-м, Индж1ылызым, Франджым, США-м, Австриеи Венэ Іэ щытрадзащ Австриеи и къэралыгъуэр зэфІэгъуэвэжьным, ар демократие хабзэхэм тетыным теуХуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1965 гъэм СССР-м кьыщызэрагъэпэщащ ЩІэныгъэхэмкІэ академием Хьэрш кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтыр.

♦Роман цІэрыІуэ куэд зи кьалэмыпэм кьыщІэкІа урыс тхакІуэ, драматург, режиссёр **Булгаков Михаил** кьызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс тхакІуэ **Темыр Сэлихь** кьызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист **Іэхъуэджакіуэ Мэжид** кьызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Драматург, КЪБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Акъсырэ Залымхан** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, КЪБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дудар Хьэутий** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Эшпай Андрей** кьызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубэ артист, режиссёр **Шэрыпіужь Анатолий** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Кьамбий Зуфар** кьызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Светличная Светлана** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩІДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор **ДыщэкІ Артур** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 16, *бэрэжьей*

♦Ставрополь крайм и махуэщ

♦Биографхэм я махуэщ

♦1744 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Елизаветэ Пётр и пхъум Іэ щІидзащ цІыхум и хьэкумкІэ уКІкІэ ящІэну зэрыхуимытым теуХуа унафэм.

♦1768 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм унафэ ищІащ Пётр Езанэм фэеплъ хуэщІыным теухуауэ. Ар иджы «Гъуаплъэм кьыхэщІыкІа шууей» фэеплъу Санкт-Петербург дэтрщ.

♦1863 гъэм Одессэ гъущІ гъэзгу ухуэн щыщІадзащ.

♦1881 гъэм Германием и кьалащхьэ Берлин дунейм щыяпэу щаутІыпщащ трамвай ириКІуэ гъущІ гъэзгр.

♦1924 гъэм СССР-м кьыщыдэкІащ «Мурзилка» сабий журналым и япэ номерыр.

♦1929 гъэм США-м япэ дыдэу щекІуэкІащ «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм етыжьным теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр.

♦1954 гъэм Налшык кьыщызэІуахащ украин тхакІуэ Вовчок Марко и фэеплъ.

♦1960 гъэм Америкэм щыщ физик Мейман Теодор дунейм щыяпэу лазер ищІащ.

♦Адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакІуэ **Хъан-Джэрий СултІан** кьызэралъхурэ илъэс 210-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэзщІакІуэ, щІэныгъэлІ **ХьэтІохъущокъуэ Къазий** кьызэралъхурэ илъэси 177-рэ ирокъу.

♦Урысей кхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Маресьев Алексей** кьызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Щхьэгъэпсо Таужан** кьызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КЪБР-м щІыхь зиІэ и экономист **Кьалэ Замир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Уэчыл, КЪБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фэдэн кІапэ шу егъэшэсыж.

☸Ди къуэш республикэхэм

Нэхъыжьхэм гулытэ хуащІ

АДЫГЕЙ. ***Текіуэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу республикэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу блым псэупІэщІэ щраташ.***

ФЕДЕРАЛЬНЭ бюджетым кьыхэкІыу абы трагъэкІуэдащ сом мелуани 6,7-м нэблагъэ. Иджыри ветерани 9 поплъэ апхуэдэ гулытэ кьыщыхуащІынум. Федеральнэ ахъшэ кьаІэрыхьэмэ, а лэжьыгъэм пащэнущ.

«Хэку зауэшхуэм хэтахэм щыпсэун и лъэныкъуэкІэ гуныкъуэгъуэ ямыІэу лэжьыгъэр зэрызэфІахьым и кІэщІ тетщ республикэм и унафэщІ КъумпІыл Мурат», - къет Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущ1анІэм.

2008 гъэ лъандэрэ республикэм псэупІэкІэ кьыщызэрагъэпэщащ зауэм и ветеран 865-рэ. Абы трагъэкІуэдащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 685,5-рэ.

Зыгъэпсэхуакіуэхэм къахохъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Іэщ1агъэлІэхэм кьызэралъытэмкІэ, республикэм зыгъэпсэхуакІуэ кьэкІуэнхэм къахохъуэ икІи 2018 гъэм цІыху 1 мелуанрэ мин 350-м нэсынущ (ар процент 12-кІэ нэхъыбэщ).***

КЪШР-м Туризмэмрэ курортхэмкІэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ Кьанэмэт Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, республикэм кьыдихьэхэм кьахэхъуэнущ КъШР-м и зыгъэпсэхупІэхэм зэрызрагъэужьым и фІыгъэкІэ. Абы кьызэрыхигъэщащи, мазищым Кьэрэшей-Шэрджэсым и курортхэм щІ1ащ цІыху мин 400-м щІигъу, ар процент 11-кІэ нэхъыбэщ илъэс кІуам и апхуэдэ пІалъэм елъытауэ.

Зэдэлэжьэну зэгуроІуэ

АБХЪАЗ. ***Рязань областымрэ Абхъазымрэ я ЩІыгъуэ-щІэж палатэхэм я лІыкІуэхэу Вороновэ Ольгэрэ Акабэ Нателэрэ Сыхъум Іэ щыщІадзащ зэрыздэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.***

ЗэІущІэм ахэр щытепсэлъыхьащ Урысеймрэ Абхъазымрэ я зэныбжьэгъугъэр, зэрызэдэлажьэр гъэбыдэныжьмкІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэм, щІалэгъуалэмрэ щэнхабзэмрэ ятеуХуэ Іуэхуэхэр зэрагъэкІуэтэнум. ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІидзащ я жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэм зрагъэубгъун, Урысеймрэ Абхъазымрэ я лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри ягъэбыдэн мурадкІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ХьэбарегъащІэ

Зыхуэфащэ ІэнатІэхэм я лІыкІуэхэр хэту КЪБР-м и Парламентым и Унэм 2018 гъэм накъыгъэм и 27-м сыхьэт 11-м кьыщыщэІуахынущ «2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам и Іуэхукіэ», «2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр зэрагъэзэщІам и Іуэхукіэ» едэІуэныгъэхэр.

ЗАКОНОПРОЕКТХЭМ хуащІ дагъуэхэмрэ абыхэм хэлъхьэпхъэу кьалъытэхэмрэ, апхуэдэу едэІуэныгъэхэм хэтын папщІэ заявкэхэр органиизацэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым хуагъэхь мы адресымкІэ: 360000, КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №55.

Фыпсалъэ хъунущ (8662) 42-64-60 телефонымкІэ

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ищщ» гуп

ЩэщІрэ етІуанэ джэгуГуэ
«Спартак-Налшык» - «Армавир»
Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 16. Сыхьэт 17-м.

● Фэеплъ

Профессор щыпкъэ МэкIэтIей Абдулыхь

Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, къэралпсо, дунейпсо лъытэныгъэ зиIа еджагъэшхэр, щIэблэм я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэ МэкIэтIей Абдулыхь Къасболэт и къуэр ящыщщ ди Хэкум щылажьэ щIэныгъэ школ нэхъ лъэщхэм я кьызэгъэпэщакIуэхэм. РАЕН-м, Технологие щIэныгъэхэмкIэ академием, ЩIДАА-м я академик, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор щIэрыIуэ МэкIэтIейм и гъащIэ псор хуигъэпсац лъэпкъ зыужьныгъэмрэ зыужьныгъэмрэ. Иджыблагъэ илъэс ирикъуац а цIыху щэджащэр дунейм зэрехьыжрэ.

КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ Iэпщэ Иннэ хъыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, щIэныгъэлъым и фэеплъ махуэм ирихьэлIэу университетым щекIуэкIащ щыгъуэ зэхуэс. ЕджапIэ нэхъыщхьэм Химиемрэ биологиемкIэ и институтым и пщIантIэм а махуэм щагъэтIылъащ МэкIэтIей Абдулыхь и фэеплъ мывэ. Абы хуэгъэпса зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБКъУ-м и ректорым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Къумыкъу Iуес.

- Ди республикэм химиемкIэ щыIэ щIэныгъэ унэтIныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъар, шэч хэмылъу, МэкIэтIей Абдулыхьщ. ЩIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъам и закъуэкъым МэкIэтIеймэ щIыхьышхуэрэ пщIэ лъагэрэ куэдым кьыхуащIу щIыщытар. Ар цIыхугъэм, зэхэщIыкI иным я щапхъэт, - кьыхугъэщащ абы. - Университетым щыгъупщанэкъым а щIэныгъэлI щыпкъэр. Абы и фэеплъыр зи гум илъынур дэ, нэхъыжьхэм, ди закъуэкъым, абы и Iуэхум пызыщэ ди студентхэми яхъумэнущ.

МэкIэтIейм и гъащIэмрэ зэфIиха лэжьыгъэмрэ къызэхуэсахэм ягу кьиуэкIыжащ КъБКъУ-м и президент Къарэмырзэ Барэсбий.

- Профессор щыпкъэм и нэIэм щIэту университетым кьэхутэныгъэщIэхэр щрагъэжькIуэкIырт щIэныгъэм япэ лъабакъуэхэр хэзычэ куэдым. МэкIэтIейм кьызэригъэпэщацуэ щыта щIэныгъэ школым нобэ кьызэщIеубыдэ щIэныгъэхэм я докторрэ кандидату щэм щигъу. Абдулыхь и гъэсэнхэм яхэтщ Урысей Ипщэ щыналъэм, Москва дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм ирагъэблагъэахэри, - жиIащ Къарэмырзэм, МэкIэтIейм и щIэныгъэ школыр зэрызэфIэувам щытепсэлъыхьым. - Абдулыхь и щIэныгъэ школым епхаяу къэхутэныгъэхэр зэфIэзэгъэныжхэм я лэжьыгъэхэр щIэжщIэкыурэ къытохуэ журнал зэмылIэужьыгъуэхэм. Абы и нэIэм щIэту КъБКъУ-м щылажьэу щыта «Полимерхэмрэ композитхэмрэ» егъэджэныгъэ центрым нанотехнологиехэмкIэ щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэщIэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ, грантхэр къахьэхуф икIи федеральнэ программэхэр зи лъабжьэ проектхэм щолэжь.

Химиемрэ биологиемкIэ институтым и унафэщI Хъурей Арсен зэрыжиIамкIэ, МэкIэтIейм хуагъэтIылъа фэеплъ мывэр хъунущ еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэ студентхэр ехъулIэныгъэхэм хуэзышъ нэщэнэ. Абдежым дяпэкIэ щрагъэкIуэкIынущ институтым и махуэшхуэ зэхуэсхэр.

МэкIэтIейм и бынэм, апхуэдэуи Къарэмырзэ Барэсбий, Къумыкъу Iуес, Хъурей Арсен сымэ фэеплъ мывэр кьызэIуахащ. Абы удэ гъэгъахэр тральхьэ нэужь, кьызэхуэсахэр ирагъэпсльащ профессор щIэрыIуэм и гъащIэм, абы бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэм теухуа фильмым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ТекIуэныгъэ-73

Къэрал гулъытэ хуэныкъуэхэр

Мы махуэхэм дэнэкIи щагъэлъапIэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 73-рэ зэрырикъур. Мы зэманым дигу кьэдгъэкIыжхэм ящыщщ балигъ гъаIущIэм нэхъ пасэу Iэмалыншэу хэбэкъуауэ щыта, «зауэм и бынхэр» зыфIаща цIыхухэр. Абыхэм я нэхъыжьыIуэхэм я ныбжьыр хэкIуэтащ.

ЛIЭЩIЫГЪУЭ блэкIам и 30 - 40 гъэхэм кьалъхуауэ щыта сабийхэм гъащIэ тынш ирахьэкIауэ пхужьIэнукъым. Абыхэм я фэм дэкIащ бэлыхь куэд, ахэр пхыкIащ уаеми, гъаблэми, шэ фиягъэмрэ лагъым къызэхэмрэ епха гуиххэми, щыщIэныгъэ инхэми, зеинщагъэ гуащIэми. Лъэхъэнэм кьихьа апхуэдэ гугъуехьхэм емылъытауэ, а щIэблэм яхуIэкIащ лэжьыгъэри еджэнри зэдахьыш, щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэту Iэщ1агъэлI нэсхэр кьызыхэкIыфахэри мащIэкъым. Зи щхьэгъуэсхэр зауэм хэкIуэда я анэхэм ябгъурыуэу балигъ кьалэнхэр губгъуэми нэгъуэщI Iэхуащ1ап1эхэми щызэфIэзыха ныбжьыщIэхэр дапщэ хъурэ?! Iэмалынш Iэнатlэм пэрыыва ахэр яхэтащ бийм зэтрикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэзыгъэувэжахэм.

Зауэм и бынхэращ дуней псом щыпэхъ къэрал лъэщхэм хальытэу щыта Совет Союзым зыужьныгъэ ин езыгъэгъуэтауэ щытар. Ахэращ промышленность пэрытым, мэкъумэш Iэнатlэ зэпэщыт я лъабжьэ быдэр зыгъэтIылъари. Иджы а псомкIи зыри дагъэшэну хуейкъым ар зэзыгъэпэщахэм и курыкупсэм яхэтахэм - зауэм и бынхэм.

Зэрыхъураращи, къэралым и лъабжьэр зыгъэтIылъа лэжьакIуэбэр нобэ ящыгъупщащ, зауэм и бынхэр зыхиубыда а щIэблэр хуауащ зыри зыхуэмеиж цIыхубэ. Абыхэм хуагъэува пенсэри мылIэIусымебгъэщхь хъунущ. Ди къэралым нэмыщI, зауэшхуэ щекIуэкIа нэгъуэщI щыналъэ куэдым, къапщтэмэ, Украинэм, Германием, щагъэуващ, «зауэм и бынхэр» статусыр кьащтащ икIи я щыналъэ бюджетым кьыхэкIыу мыльку хуауIыпщащ абы. Абыхэм яхохьэ Астрахань, Владимир, Ульяновск, Воронеж, Амур, Тверь, Белгород, Омск областхэр. Зауэм и бынхэм псэуну кьахуэнэжар апхуэдэуи куэд дыдэ хъурэкIи, абы кьыхэкIыу щIыпIэ властхэр егупсысыпхъэщ абыхэм я гъащIэр нэхъ тынш, кьызыхуэтынщэ зэращыним.

Дэ дыщогугъ щыналъэхэм я парламентарийхэр а Iуэхум хэплъэну икIи «зауэм и бынхэм» я статус хэхар Къэрал Думэм щыпхагъэкIыну. «Ветеранхэм ятеухуауэ» Федеральнэ хабзэм и 2-нэ, 20-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэ яхэлъхьапхъэщ, «зауэм и бынхэр» льготэ хэха зиIэхэр кьыщыгъэльэгъуа къэрал реестрым хэгъэхьэпхъэщ, тылым щылэжьахэм яхуэгъэдауэ. Ар кьалэжь лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 - 45 гъэхэм кьалъхуауэ щыта сабийхэм, яхуэщIыпхъэ пщIэ лейрэр гулъытэмрэ кьадэкIуэу.

Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ республикэм и Парламентымрэ а Iуэхугъуэм теухуауэ яльэкI псори зэрращIэнур, УФ-м и щыналъэхэу зауэм и бынхэм щелIалIэхэм я щапхъэр гъуазэ яхуэхъуу.

Зи гуащIэдэкI хьэлэлымкIэ къэралыр щытыкIэ гугъум кьизышыжа а щIэблэм кьалэжь апхуэдэ гулъытэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ди къэралым иджыпсту щопсэу зауэм и быну кьалъытэхэм ящыщу цIыху мелуан 40-м нэс. Абыхэм защIэгъэкъуэныр, дауи, тыншкIым къэралым и дежкIэ, арщхьэкIэ хэкупсо мылъкур зэзыпхъуэжа кьулеижьхэм ябгъэдэлъ мелуанэр щхьэж зэрыхуейуэ кьегъэсэбэп, зыхуэфащэхэм ялъымысу.

Ди къэралыр зытекIуа Германием щыпсэу пенсионерхэм ику иту хуагъэуващ, урысей ахъшэм хуэбгъакIуэмэ, сом мин 40-м щIигъу пенсэ. Ди хэкум щыпсэухэм къэтхьыр сом мини 8,5-м щIигъуу аращ. Абы и зэхуэдитIыр илъэс къэс нэхъ лъапIэ хуэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат уасэм ехьыж. АфIэкIа пенсэ зимыIэ зауэм и бынхэм сыт хуэдэ жьы хъугъуэ къапэплъэрэ-тIэ?

«Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и кьалэнхэм ящыщщ а щIэблэм ядэIэпыкъуныр, абыхэм я гъащIэр егъэфIакIуэныр. Ахэр иджыпсту зэрыт щытыкIэм икIэщIыпIэкIэ зегъэхъуэжын хуейщ фIы и лъэныкъуэкIэ. А мурадыр сиIэущ мы тхыгъэри щIэзгъэхьэзырар. Абы кьыщысIэта Iуэхугъуэхэр, псом япэрауэ, зыхуэгъэзэар УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэщ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэращ. Абыхэм я кьалэнщ гугъуехьым махуэ кьэс псэкIэ пэщIэт цIыхубэм гупэкIэ зыхуагъэзэну, ар зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр ягъэтэмэныну.

Къэрал лъэщкIэ уэздэжнур зи цIыхухэр кьызыхуэтынщэу, тхьэмыщкIагъэмрэ мэжащIалIагъэмрэ щихъумэу зыгъэпсэуфырщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди къэралыр абы иджыри нэсакъым...

Апхуэдэу жысIэну хуитынагъэ сиIэщ сэ, зауэм и бынхэм сащыщщи, ныкъудыдыкъуагъэкIэ 2-нэ гуп зиIэхэм сахэтщI, зэпыу имыIэу илъэс 57-кIэ (1939 гъэ лъандэрэ) къэралым хьэлэлу сыхуэлэжьащи.

ЩОМАХУЭ Мухьэмэд,
лэжьыгъэм и ветеран.
Бахъсэн щыналъэ, Испытэмей къуажэ

● Банк Iуэхуэр

И куэдагъым елъытауэ

Потребительскэ кредитым и ставкэр процентым и пункт 1 - 8-кIэ Хъумапlэ банкым игъэмэщIащ, къащта щIыхуэм и куэдагъым елъытауэ, икIи тариф сеткэр къигъэщIэрэщIащ.

НЭХЪЫБЭ дыдэ - процентым и пункти 8 кIэрагъэхунурэ илъэсым щыхьащатыкIыр процент 11,9-м нагъэсынущ - хуэгъэщIыным сом мелуаным щыщIэдзауэ кредит къэзыщтэхэм. Иджы псом я дежкIи а кредит лIэужьыгъуэм теухуну процент ставкэр зэхуэдизщ. Сом мин 300-м щыщIэдзауэ мелуаным нэсыхукIэ къэзыщтэхэм яйр зэрыхэщIар процентым и пункт 1 - 4-щ (ставкэщIэхэр - процент 11,9 - 15,9-рэ).

Кредитым ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри ягъэщIэбгащ. Къапщтэмэ, зи улахэхэр я деж къыщезыIыхэм папщIэ шэсыпIэншэу ХъумапIэ банкым ит кредитым и инагъым хигъэхьащ - сом мелуани 3-м щыщIэдзауэ 5-м нэсыхукIэ - икIи игъэмэщIащ нэхъ щIалэ дыдэу щыхуэ зритхэм я ныбжьыр - илъэс 21-м икIри 18-м хуигъэкIыщ.

«Акцэхэр щедгъэкIуэкIым гу лъытташ сом мин 300-м щIигъу кредитхэм кьызыщIэуупщIэхэм къэзэрыкъхъуэм, - кьыджиIащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий. - Ди Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм защIэдгъакъуэкIэрэ, дэ мурад тщIащ щхьэщатыкI уасэхэр кьызэрыхъу щыкIэм зедгъэхъуэжыну Иджы процент ставкэр кьащтэ щIыхуэм и куэдагъым елъытауэ сыт щыгъуи щытынущ. Нэхъапэм акцэхэр щедгъэкIуэкIым и дежт апхуэдэу щытщIыр».

А псоми къыдэкIуэу ХъумапIэ банкым игъэмэщIащ «Потребительский кредит на рефинансирование кредитов» лIэужьыгъуэмкIэ ит щыхуэм щхьэщатыкIыр - нэхъыбэ дыдэу процентым и пункти 2-кIэ. Иджы абыкIэ ягъэуува ставкэ нэхъ мащIэ дыдэр илъэсым зэрыхъур процент 11,5-рэщ. Кредитыр зэрапшныжьынэу пIалъэ нэхъ ин дыдэри илъэси 5-м ирагъэкIри, 7-м нагъэсащ.

Акцэр екIуэкIынущ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 31 пщIондэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Ди махуэгъэпс

Мыбы Iуэху цIыкIуфэкIу хэлъкъым

Климатым и дунейпсо махуэщ накъыгъэм и 15-р. Ди зэманым псэуэмэ дяпэкIэ къэунэху-ну щIэблэкIэм и щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэнур дунейм и щытыкIэм кьэдкIэ елъытащ. Зи гугъу тщIы махуэр ягъэлъапIэ къэхутакIуэхэм, экологие шынагъуэншагъэмкIэ Iэщ1агъэлIэхэм, къэрал властым щыщхэм, щIэныгъэлIхэм, нэгъуэщIхэмэ.

ДУНЕЙМ и щытыкIэм елъытащ къэралхэр ерыскъыхэкIкIэ кьызэрызэгъэпэщари цIыхухэм я гъащIэм щаIэ псэгъэтIышыгъуэри, я мылъкум теухуауэ яIэ шынагъуэншагъэр зыхуэдэри.

Щыгур, дызэрыбауэ хьэуар кIуэ пэтми кьызэрызэщIэплъэм, нэхъ хуабэ зэрыхъум уэгъуэр, псыдзэхэр, нэгъуэщI кIуплейсызыгъэкIэр къешэ, хьэм зыкъеригъэIэт, ищхъэрэ, ипщэ щIыналъэ жьыжьхэм илъэс мин бжыгъэкIэ щызэтрихьа мылхэр егъэткIу.

Ди планетэм дежкIэ хуабжьу шынагъэщ къытщхьэщыт уэгум гъуэз щхъуэхьэхьэхэр зэрыщызэтрихьэри. Ялъ дыдэу я Iуэхум зэIуахуэ щытепсэлъыхьар 1992 гъэм Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа, къэрали 180-м щIигъум (СССР-м хиубыдэу щыта къэралхэри абыхэм яхэту) я лIыкIуэхэр зыхэта зэхьыхэщхуэрщ. А зэIущIэм щызэрихьэлIахэм Iэ традзащ ООН-м и Конвенцэм, ЩIы Хъурейм и климатым зэрызихъуэжьым теухуам. Мы зэгурыIуэныгъэм щаубзыхуащ гъуэз «дыджхэр» атмосферэм щызэтремыгъэхьэн папщIэ зэфIэзэкIыпхъэхэр.

ЩIым и Саммитым (зи гугъу тщIы зэIущIэхэм апхуэдауц зэреджэр) и ещанэ конференщIэ 1997 гъэм и кIэухым Японием хыхьэ Киотэ хэтIыгум щекIуэкIащ. Мыбдежым ялъ зэIущIэм кьыщащтауэ щыта Конвенцэм щыщIагъэжащ иужькIэ цIэрыIуэ хъуа Киотэ уэрдж - къэрал зызыужьаХэми зи экономикэр зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэм итхэми гъуэзу уэгум хауIыпщхьэр 2008 - 2012 гъэхэм ягъэмэщIэныр кьалэн ящызыщI кьыхуеджэныгъэр.

Илъэси 10 дэкIри, 2007 гъэм и дыгъэгъаззм Бали (Индонезие) аргуэру щызэхэтащ ООН-м мы Iуэхум ехьэлIа и кьыкIэлъыкIуэ конференцыр. Ари теухуат дунейм и щытыкIэм зэрызихъуэжьым. Абы къэрали 190-м я лIыкIуэхэм Iэ щытрадзащ уэгум гъуэзу хауIыпщхьэр ягъэмэщIэным кьыхуезыджэ зэгурыIуэныгъэм.

ЩIыуэпсыр хъумэныр тщIы, дэтхэнэми елъытащ. Автомобилхэр нэхъ мащIэрэ кьэдгъэсэбэпын, якъыр хэтсэн, щхьэнтIагъэхэм дахуэсакъын хуейщ. Ахэр Iуэху цIыкIуфэкIуу кьытщыхъункIи хъунщ, арщхьэкIэ дунейм тет цIыху псоми ар илъэжьмэ, мыхьэнэ ин дыдэ зиIэу кьыщIидзыжынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Бахъсэн районым и хуабэщхэм помидор гъэтIысыну мин 500 щыхасащ.

ИТАЛИЕМ щызекIуэ мардэхэм тету илъэси 10 и пэкIэ яуха мы хуабэщхэм щIы гектар 20-м нэс егъэщIылIащ. Мы гъэм зы метр зэбгъуэзнатIэм хадзэкIыу килограмм 50-кIэ щогугъ, зэ къеъхэлIэжьгуэм помидору килограмм 10.000.000 кьытекIынущ. Мы хадзэкIыр кьэщIащ гъатхэпэм и кIэхэм кьыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэ мазэм нэсыху. Дыгъэгъазэм зыри кьызыпымыкIэж жэпкъэхэр кьэщIагъэкIэбзыкIыжьынурэ, кьыкIэлъыкIуэ хэсэгъуэр кьэсмыс щыкIэ дезинфекцэ ящI. Бахъсэным и «Агроком» ООО-м и хуабэщхэр зэпэщщ, кьапэхъун ди республикэм имыту. ГъэтIысынхэм иращIэкI лэжьыгъэ псори автоматикэ программэ щхьэхуэм тету зэфIах, цIыхум зэран яхуэхъу щхьэхуэхэр кьызэрамыгъэсэбэпыным хэтщ. Iэмал имыIэу ехьэлIапхъэхэр кьыщащэу Голландием и «Коперт» фирмэм. Иужьрей илъэси 5-м комбинатым нэхъыбэу хисэр «Физума» гибрид помидорыщ, Голландием и «Энза-Заден» компанием къигъэкI мы помидорыр Iэфщ икIи щIэупщIэшхуэ иIэщ, метр зэбгъуэзнатIэм килограмм 52-м нэблагъэ къытрах. Мы зэманым Бахъсэным и хуабэщхэм яIэ 280-м лэжьапIэ Iэнатlэ щагъуэтащ, а бжьыгъэм мы гъэми хагъэхъуэну я мурадщ.

ІУЛЫМБАЩ Лерэ,
Бахъсэн щыналъэ администрацием и хьыбарегъащIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ.

● Ди щIыналъэхэм

Щэбэт щIыхьэхуэр

Май щыналъэм и Жылагъуэ советым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэльыхьащ къуажэхэм я теплъэр егъэфIэкIуэнымрэ щIыпIэхэр зэщIэгъэкъэбзэнымрэ теухуауэ зэфIаха лэжьыгъэхэм.

ДЕПУТАТХЭМ кьызэрыхагъэщамкIэ, абы теухуауэ сыт хуэдиз лэжьыгъэ кърамыхьэлIами, жылагъуэдэсхэм куэд яхэтщ а Iуэхум гулъытэ лъэпкъ хуэзымыщIхэр, зыщIезыгъэхъхэр. Абыхэм я зэранкIэ хабзэм кьэмызэгъэ пхъэнкIий идзыпIэ щIэх-щIэхыурэ къоунэху, дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым зэранышхуэ хуэхъуу. Жылагъуэ советым хэтхэм цIыхухэр хьыхуражджэ кьабзагъэмкIэ жэуапльныгъэ яхалъыну. Ахэр зэгурыуащ щэбэт щIыхьэхуэхэр нэхъыбэрэ ирагъэкIуэкIыну.

Балъкъэпсым и Iуфэхэм

Дзэлыкъуэ щыналъэм и жылагъуэхэр кьабзэу гъэмахуэм техьэнущ.

МАЛКЭ, Сэрмакъ, Шордакъ, Зольскэ, Псынэдахэ жылагъуэхэм зыхуей щыхуагъэзащ псы Iуфэхэр, дэкIыпIэхэр уэрамхэр, кьулыкъущIапIэхэм я бжэIупэхэр, утыкуэхэр, «Кавказ» федеральнэ гъуэгубгъуэхэр. Жылагъуэ администрацэхэм я нэIэм щIэтщ дэтхэнэ зы куэбжэпэри. Ахэр кьабзэу зехьэнымэ унагъуэхэри йогугъу.

Мы махуэхэм лэжьыгъэфI кьыщрахьэлIащ Балъкъ и Iуфэхэм: пхъэнкIий идзыпIэ ящIа щIыпIэхэр зэщIакъуащ, жыг къудамэ гъуэхэр, псыхьэлъахуэхэр ягъэсащ. Мы лэжьыгъэм хэтащ щIыпIэ администрацэхэм, сымаджэщхэм, школхэм, сату щIыпIэхэм я лэжьакIуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Фи лъэIукIэ

Рэмэданым и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр (НэщIыщыщIидзэ зэманыр)	Дыгъэр кьыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр (Хэщхьэжыгъуэр)	Жасыр
накъыгъэм						
16, бэрэжьей	**03.01**	04.41	12.12	16.13	**19.25**	21.09
17, махуэку	**03.00**	04.40	12.12	16.13	**19.26**	21.10
18, мэрем	**02.58**	04.39	12.12	16.13	**19.27**	21.12
19, щэбэт	**02.57**	04.38	12.12	16.14	**19.28**	21.13
20, тхьэмахуэ	**02.55**	04.37	12.12	16.14	**19.29**	21.15
21, блыщхьэ	**02.54**	04.36	12.12	16.14	**19.30**	21.16
22, гъубж	**02.53**	04.36	12.12	16.15	**19.31**	21.18
23, бэрэжьей	**02.51**	04.35	12.13	16.15	**19.32**	21.19
24, махуэку	**02.50**	04.34	12.13	16.15	**19.33**	21.21
25, мэрем	**02.49**	04.33	12.13	16.16	**19.34**	21.24
26, щэбэт	**02.48**	04.32	12.13	16.16	**19.35**	21.24
27, тхьэмахуэ	**02.46**	04.32	12.13	16.16	**19.36**	21.25
28, блыщхьэ	**02.45**	04.31	12.13	16.17	**19.37**	21.26
29, гъубж	**02.44**	04.30	12.13	16.17	**19.38**	21.28
30, бэрэжьей	**02.43**	04.30	12.13	16.17	**19.39**	21.29
31, махуэку	**02.42**	04.29	12.13	16.18	**19.40**	21.30
мэкъуэгъуэм						
1, мэрем	**02.41**	04.29	12.14	16.18	**19.41**	21.32
2, щэбэт	**02.40**	04.28	12.14	16.18	**19.41**	21.33
3, тхьэмахуэ	**02.40**	04.28	12.14	16.19	**19.42**	21.34
4, блыщхьэ	**02.39**	04.27	12.14	16.19	**19.43**	21.35
5, гъубж	**02.38**	04.27	12.16	16.19	**19.44**	21.36
6, бэрэжьей	**02.37**	04.26	12.16	16.20	**19.44**	21.37
7, махуэку	**02.37**	04.26	12.15	16.20	**19.45**	21.38
8, мэрем	**02.36**	04.26	12.15	16.20	**19.46**	21.39
9, щэбэт	**02.36**	04.26	12.15	16.21	**19.46**	21.40
10, тхьэмахуэ	**02.35**	04.25	12.15	16.21	**19.47**	21.41
Къэдэр жэщыр						
11, блыщхьэ	**02.35**	04.25	12.15	16.21	**19.47**	21.42
12, гъубж	**02.35**	04.25	12.16	16.22	**19.48**	21.42
13, бэрэжьей	**02.34**	04.25	12.16	16.22	**19.48**	21.43
14, махуэку	**02.34**	04.25	12.16	16.22	**19.49**	21.44

Ду зыгъэтапхъэ: **1. Щэращыр ухын хуейщ пщэдджыжь нэмэзым и аззэнр къэIуным и пэ дакъикъипщI хуэдиз иIэу. 2. НэщIикIыж махуэу кьагъэльэгъуам зэхъуэкIынырэ игъуэтынкIэ хъунущ Рэмэдан мазэм и кIэхэм.**

Джэрыджэ Арсен и усэхэм дихьэххэр

Налшык къалэ дэт 25-нэ курыт еджапIэм къепхауэ лажьэ 46-нэ сабий садым иджыблагъэ зэхьихьэ гуапэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ усакIуэ, журналист цIэрыIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI тхылъхэм я редактор Джэрыджэ Арсен.

ЗэIущIэм кьрагъэблэгъат Джэрыджэ Арсен, абы ипхъу Бэрэгъун Марьянэ, Налшык къалэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым лъэпкъыбзэхэр егъэджыныкIэ и методист ЛIы-Iэщын Людмилэ, Кэнжэ кьуажэ дэт 20-нэ курыт еджапIэм къепхауэ лажьэ 2-нэ сабий гъэсапIэр зи Iэмыщ1э ипъ Джэрыджэ Мариннэ, сабий садым и лэжьакIуэхэр, адэ-анэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр кьыззэшIэпэща Iэхуущ1апIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Гъубжокъуэ Люсэ пшыхьыр кьызэIуихри, ятэщIыкIэ цIыкIухэм яригъэщIыхуащ я хьэщIэхэр. Ар Джэрыджэ Арсен и гъащIэм, и лэжьыгъэм яхутепсэльыхьащ, сабийхэм нэхъ жыджэру яхуэтхэ ди усакIуэу зэрыщытыр яжриащ.

Иужькlэ, гъэсэныгъэущиныгъэ и лъэныкъуэкIэ щхьэпэ, сабиибэм хуэщIауэ тха усэхэм зэпадзыжурэ сабий цIыкIухэр къеджащ. Арсен и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд зыбжани утыку къэхьащ. Дэтхэнэ сабийми кьызэджэмрэ жиIэмрэ зэрызыхищIэр и нэгум кьищыкт. ИужькIэ абыхэм Iэмал яIащ и гъащIэм теухуа упщIэхэмкIэ усакIуэм зыхуагъэзэну.

Пшыхьым кьыщекIуэкIа Iэ5щIэгъуэнхэм ящIащт? сабий садым и лэжьакIуэхэри анэхэри, гупыж ящIу, Арсен и усэхэм щыщ кьызэреджар. Абыхэм яхэтт усакIуэр щыстудента зэманым и Iэдакъэ кьыщIэкIахэри.

46-нэ сабий гъэсапIэм и унафэщI Жылэ Иннэ зэIущIэр щызэхуэщIыжым псалъэ дахэкIэ захуигъэзащ пшыхьыр зыгъэдэха псоми, гукъинэж щыхъун хуэдэуи, Iэхуущ1апIэм кьыбгъэдэкIыу Арсен тыгъэкIэ хуэупсащ.

УсакIуэм фIыщIэ яхуищIащ зэхьихьэр кьызэзыгъэпэщахэм, сабийхэм я Iэхьэзыра теплъэгъуэхэр игу зэрырихьар, нэхъыжьхэр кьызэджа усэхэм куэд игу кьызэрагъэкIыжар кьыхигъащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ

● ТекІуэныгъэ-73

Тхылъеджэхэм я зэпыщІэныгъэ

Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщыхьрэ илъэс 73-рэ зэрырикъур гъэпсэпІэным хуэгъэпсауэ къыхалъхьа Іуэхугъуэхэм ящышщ «ТекІуэныгъэм и щІэблэ акъылыфІэ» фІэщыгъэр зиІэ зэІэпах акцэр. Урысейм и Зауэ-тхыдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьа а эстафетэр Ставрополь крайм къыщежьауэ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм щызэлъоІэс. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм иужьрейуэ щрагъэкІуэкІа акцэм ди республикэм щыпашэнущ мэлыжьыхьым и кІэхэм. Школакіуэ минхэр зыхэт а Іуэхугъуэм и мурадыр щІэблэр Хэку зауэшхуэм теухуа тхылъхэм еджэным дегъэхьэхьынырщ, ныбжьыщІэхэр хэкупсэу гъэсэнырщ.

ТХЫЛЪЕДЖЭ ныбжьыщІэхэм я ябп зэхуэсыр щекІуэкІынущ ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэ республикэ библиотекэм. А Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэращ акцэр къызыхуэзытыншэу ди щІыналъэм щегъэкІуэкІыным хуэгъэпса лэжьыгъэ куэдым я зэщІэгъэуІуакІуэри. Мурад зэращІамкІэ, республикэм и куэл школхэм къыщызэрагъэпэщынущ Хэку зауэшхуэм, ТекІуэныгъэ Иным ятеухуа зэхуэс зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, литературэ-макъамэ композицэхэр, тхылъеджэхэм я конференцэхэр, усэ зэпеуэхэр. Гупльытэ хэха хуащІынущ зауэм и напэкІуэцІхэр къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ, зыхэщІэгъуэу макъкІэ къеджэным.

А псори зэфІэкІа нэужь, зэІэпах акцэм жыджэру хэтахэр щагъэфІэж пшыхь екІуэкІынущ. ИужькІэ эстафетэр Іэтауэ хуагъэкІуэтэнущ къыкІэлъыкІуэ щІыналъэм.

ТАМБИЙ Линэ.

● «Урысейм и егъэджакІуэ нэхъыфІ-2018»

Къэралпсо утыкум йохьэ

УФ-м хыхьэ дэтхэнэ щІыналъэми хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щекІуэкІащ «Урысейм и егъэджакІуэ нэхъыфІ-2018» къэралпсо зэпеуэм и пэщІэдзэ Іыхьэхэр. ЩІыпІэ Іыхьэхэм щытекІуа егъэджакІуэ пашэхэу 13 иджыблагъэ щызэхьэзэхуащ Налшык дэт курыт школ №27-м.

ЕГЪЭДЖАКІУЭХЭУ Атабиевэ Танзиля, Атакуевэ Маринэ, Бату Анджелэ, Букинэ Аллэ, Къуэдзокъуэ Лианэ, Кочетов Олег, Лакъуш Бэллэ, Петраков Виталий, Хъурей Мартинэ Шаваевэ Лейла, Шал Марьянэ, Шыбзыхъуэ Марьянэ, Щомахуэ Заур сымэ унэтІныныгъэ зыбжанэкІэ зэпеуэад. Ябпрауэ, ахэр кІэщІу тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм, щрагъадж школым, я гъэсэнхэм яІэ ехьулІэныгъэхэм. КъыкІэлъыкІуэу егъэджакІуэхэм ятащ дерс зэІуахэр, я зэфІэкІхэр ягъэлъагъуэу, егъэджэныгъэм къыхьыхьа иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэпыфыр наІуэ къащІу.

Зэпеуэм къызэщІиубыдэ Іыхьэхэм ящыщт егъэджакІуэхэм нэхъапэІуэкІэ ягъэхьэзыра «Интернет-ресурс», «Эссе», «Мастер-класс» унэтІныныгъэхэри. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Мыз Маринэ зи пашэ хэпщытакІуэ гупым набдзэгубдзаплъэу щыгъуазэ защІащ егъэджакІуэхэм яІэ Интернет сайтым. Зэпеуэм хэт дэтхэнэри «Эссе» Іыхьэм щытепсэлъыхьащ егъэджакІуэм жылагъуэм щиІэ мыхьэнэм, сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ зэрадэлажьэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэри наІуэ къыщащІащ. А Іыхьэхэм ехьулІэныгъэ яІэу пхыкІыфэ егъэджакІуэхэр «Мастер-класс» зэпеуэм хэтащ. Апхуэдэхэт Майкэ къалэм дэт гимназие №91-м пэщІэдзэ классхэр щезыгъаджэ Букинэ Аллэ, Шэджэм ЕтІуанэ жылэм дэт курыт школ №93-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къуэдзокъуэ Лианэ, Прохладнэ къалэм Пушкиным и цІэр зэрихьэу дэт курыт школ №8-м физкультурэмкІэ и егъэджакІуэ Петраков Виталий, Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №4-м обществознаниер щезыгъэдж Щомахуэ Заур, Налшык дэт курыт школ №9-м информатикэр щезыгъэдж Кочетов Олег, Терскол жылэм дэт курыт школым технологиемкІэ и егъэджакІуэ Шаваевэ Лейла сымэ.

Сабийхэри егъэджакІуэхэри зыхэта дерсхэми я Іуэху зехьэкІэхэмкІэ щызэдэгуашэ Іыхьэми набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъащ къэпщытакІуэкэр. Ахэр зэчэнджэщыжа нэужь, наІуэ къащІащ зэпеуэм и республикэпсо Іыхьэм щытекІуахэр. Белджылы зэрыхъуамкІэ, егъэджакІуэхэм я щІыналъэпсо зэхьэзэхуэм ялэ уВыпІэр къыщихьащ Кочетов Олег. ЕтІуанэ хуэащ Щомахуэ Заур, ещанэ уВыпІэр лъагъэсащ Шаваевэ Лейла. Абыхэми зэпеуэм къыхэжаныкІа адрей егъэджакІуэхэми ирагащ зэпеуэм и щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ. ЗэрыжаІамкІэ, Кочетовыр хэтынущ къэралпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэу мыгувэу Москва щекІуэкІынум.

Ди республикэм щекІуэкІа зэпеуэм егъэджакІуэ нэхъыфІу къыщалъытащ щІалэм дохъуэхъу урысейпсо утыкуми ехьулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэригъэхьэну.

ТЕМЫР Дисэ.

Адыгэ хабзэм къиІэтсыт хуэдэ Іуэхугъуэри дахэщ, купщІэ иІэщ, ар ижьижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдогъуэгурыкІуэ. Адыгэм псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуещІ сабийр къыщалъхуам къыщыщІэдзауэ лІыпІэ иувэху кІэлъызэрихьэ Іуэхугъуэхэм. Апхуэдэхэщ, зэхъуэкІыныгъэ игъэтауэ нобэм къэсами, гущІэхэпхэ, лъэтевэ хабзэхэр.

САБИЙМ хуагъэхэзыр гущІэр пхъэм я нэхъ быдэм къыхащІыкІырт. Дзадзур абы ирагъэгъуалъхьэн и пэ кьихуэу, гущІэм джэду цыкІу хапхэу щытауэ жаІэ, абы и жей быдэр гущІэм къринэн щхьэкІэ. Ябпэу сабийр гущІэм хэзыпхэну зыхуагъэфащэр бын куэд зиІэ, Іэщабэ-Іущабэ цІыхубэт. Мы Іуэхугъуэр унагъуэм замыІэтыщІэу къыщекІуэжкІырт, ауэ лъэтеувэм хьэщІэ кърагъэблагъэрт.

Анэшхуэм хьэлыуэ Іэнэ хуиубырт зи ныбжьыр илъэсым нэзыхусауэ ябп лъэбакъуэхэри зыча сабийм. Іэнэм тралъхьэрт сабийр зыхэдэну нэхъ кІащтэ хьэпшыпхэр. Хьэлыуэ Іэнэм трагъэІэбэн и пэ кьихуэу, сабийм и лъакъуэхэм хьыдан иращІэрти, ар илъу и Іэр яІыгъыуэ мывэм трагъэувэрт. Абы и ужькІэ хъыданыр лэныстэкІэ зэпаупщІырт. Сабийм хъуэхъукІэ зыхуагъаззурэ хьэлыуэ Іэнэм и хъурегъакІэ щэнейрэ кърашэкІырт, абы трагъэІэбэурэ. Сабийм а Іэнэм кьытриха хьэпшыпымкІэ хуагъэфащэрт абы Іэщ1агъэ хуэхъунур.

Апхуэдэ Іуэхугъуэ дахэхэм щІэблэр щагъэгъуэзэн мурадкІэ, Налшык дэт курыт еджапІэ №10-м иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ Къумыкъу Имран цыкІу и лъэтеувэ. Ар кьызззыгъэпэщар школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Бетыгъуэн Ланэщ. Адыгэ хабзэм епхаэ зы Іуэхугъуэ щагъэлъагъуэ закъуэ мыхъуу, къэралым къигъэув ФГОС-м и жыпхъэм иту гъэпсат а пшыхьыр. Ланэ и гъусэу пшыхьыр иригъэкІуэкІащ Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр Бейтыгъуэн Жамбулэт.

Имран цІыкІурэ абы и ныхъыжьхэмрэ хъуэхъу дахэхэмкІэ зыхуагъэзащ 2 - 8-нэ классхэм щеджэ цІыкІухэм. Адыгэм и сыт хуэдэ гуфІэгъуэ Іуэхуми джэгур, зэпеуэр хэту зэрыщытари сабийхэм ягу къагъэкІыжащ. 6-нэ класым щеджэхэу Шэру Оксанэ, Локъуэ Элеонеллэ, Мамыхъу Элинэ сымэ зэпеуат адыгэ лъэпкъым дыщащІэу зыхуагъасэ Іуэхугъуэ зыбжанэкІэ. Апхуэдэу, абыхэм дыкІэлъагъэплъащ сабийр дахэу зэрызэкІуэцІапхэжьыфым, зэман хухахам кьриубыдэу кІэртІофэ нэхъыбэ зыукъэбзыфри къэтхутащ, нэхъ дахэу щхьэщ зыухуэныфым деплъащ, адыгэ шхыныгъуэ зырызи ди пащьхэ къраплъащ.

5-нэ классым щеджэхэу Тэшухэ Іэдэмрэ Мухьэмэдрэ я ныбжьэгъуэхэм, хьэщІэхэм мы Іуэхугъуэм ехьэлІа къуажэхэщ кърагъэщІащ. Ныбжьыщ1эхэм Іуэхур ягъэдэхащ къафэрэ джэгуКІэ.

Купщафіэу, адыгэ хабзэм щ1ах Іуэхугъуэ зэмылІуужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ екІуэкІа пшыхьым, шэч хэмылъу, щІэблэм дерс къыхахащ. Лъэтеувэ зыхуащІа Имран цІыкІуи дохъуэхъу адыгэ лъэпкъым и цІыху нэс къыхэкІыну, лъэбакъуэ махуэ гъащІэм хичаеу къыщІэкІыну.

БАКЪ Мадинэ.

● ТекІуэныгъэ-73

Тхылъеджэхэм я зэпыщІэныгъэ

Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщыхьрэ илъэс 73-рэ зэрырикъур гъэпсэпІэным хуэгъэпсауэ къыхалъхьа Іуэхугъуэхэм ящышщ «ТекІуэныгъэм и щІэблэ акъылыфІэ» фІэщыгъэр зиІэ зэІэпах акцэр. Урысейм и Зауэ-тхыдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьа а эстафетэр Ставрополь крайм къыщежьауэ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм щызэлъоІэс. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм иужьрейуэ щрагъэкІуэкІа акцэм ди республикэм щыпашэнущ мэлыжьыхьым и кІэхэм. Школакіуэ минхэр зыхэт а Іуэхугъуэм и мурадыр щІэблэр Хэку зауэшхуэм теухуа тхылъхэм еджэным дегъэхьэхьынырщ, ныбжьыщІэхэр хэкупсэу гъэсэнырщ.

ТХЫЛЪЕДЖЭ ныбжьыщІэхэм я ябп зэхуэсыр щекІуэкІынущ ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэ республикэ библиотекэм. А Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэращ акцэр къызыхуэзытыншэу ди щІыналъэм щегъэкІуэкІыным хуэгъэпса лэжьыгъэ куэдым я зэщІэгъэуІуакІуэри. Мурад зэращІамкІэ, республикэм и куэл школхэм къыщызэрагъэпэщынущ Хэку зауэшхуэм, ТекІуэныгъэ Иным ятеухуа зэхуэс зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, литературэ-макъамэ композицэхэр, тхылъеджэхэм я конференцэхэр, усэ зэпеуэхэр. Гупльытэ хэха хуащІынущ зауэм и напэкІуэцІхэр къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ, зыхэщІэгъуэу макъкІэ къеджэным.

А псори зэфІэкІа нэужь, зэІэпах акцэм жыджэру хэтахэр щагъэфІэж пшыхь екІуэкІынущ. ИужькІэ эстафетэр Іэтауэ хуагъэкІуэтэнущ къыкІэлъыкІуэ щІыналъэм.

ТАМБИЙ Линэ.

● «Урысейм и егъэджакІуэ нэхъыфІ-2018»

Къэралпсо утыкум йохьэ

УФ-м хыхьэ дэтхэнэ щІыналъэми хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щекІуэкІащ «Урысейм и егъэджакІуэ нэхъыфІ-2018» къэралпсо зэпеуэм и пэщІэдзэ Іыхьэхэр. ЩІыпІэ Іыхьэхэм щытекІуа егъэджакІуэ пашэхэу 13 иджыблагъэ щызэхьэзэхуащ Налшык дэт курыт школ №27-м.

ЕГЪЭДЖАКІУЭХЭУ Атабиевэ Танзиля, Атакуевэ Маринэ, Бату Анджелэ, Букинэ Аллэ, Къуэдзокъуэ Лианэ, Кочетов Олег, Лакъуш Бэллэ, Петраков Виталий, Хъурей Мартинэ Шаваевэ Лейла, Шал Марьянэ, Шыбзыхъуэ Марьянэ, Щомахуэ Заур сымэ унэтІныныгъэ зыбжанэкІэ зэпеуэад. Ябпрауэ, ахэр кІэщІу тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм, щрагъадж школым, я гъэсэнхэм яІэ ехьулІэныгъэхэм. КъыкІэлъыкІуэу егъэджакІуэхэм ятащ дерс зэІуахэр, я зэфІэкІхэр ягъэлъагъуэу, егъэджэныгъэм къыхьыхьа иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэпыфыр наІуэ къащІу.

Зэпеуэм къызэщІиубыдэ Іыхьэхэм ящыщт егъэджакІуэхэм нэхъапэІуэкІэ ягъэхьэзыра «Интернет-ресурс», «Эссе», «Мастер-класс» унэтІныныгъэхэри. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Мыз Маринэ зи пашэ хэпщытакІуэ гупым набдзэгубдзаплъэу щыгъуазэ защІащ егъэджакІуэхэм яІэ Интернет сайтым. Зэпеуэм хэт дэтхэнэри «Эссе» Іыхьэм щытепсэлъыхьащ егъэджакІуэм жылагъуэм щиІэ мыхьэнэм, сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ зэрадэлажьэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэри наІуэ къыщащІащ. А Іыхьэхэм ехьулІэныгъэ яІэу пхыкІыфэ егъэджакІуэхэр «Мастер-класс» зэпеуэм хэтащ. Апхуэдэхэт Майкэ къалэм дэт гимназие №91-м пэщІэдзэ классхэр щезыгъаджэ Букинэ Аллэ, Шэджэм ЕтІуанэ жылэм дэт курыт школ №93-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къуэдзокъуэ Лианэ, Прохладнэ къалэм Пушкиным и цІэр зэрихьэу дэт курыт школ №8-м физкультурэмкІэ и егъэджакІуэ Петраков Виталий, Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №4-м обществознаниер щезыгъэдж Щомахуэ Заур, Налшык дэт курыт школ №9-м информатикэр щезыгъэдж Кочетов Олег, Терскол жылэм дэт курыт школым технологиемкІэ и егъэджакІуэ Шаваевэ Лейла сымэ.

Сабийхэри егъэджакІуэхэри зыхэта дерсхэми я Іуэху зехьэкІэхэмкІэ щызэдэгуашэ Іыхьэми набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъащ къэпщытакІуэкэр. Ахэр зэчэнджэщыжа нэужь, наІуэ къащІащ зэпеуэм и республикэпсо Іыхьэм щытекІуахэр. Белджылы зэрыхъуамкІэ, егъэджакІуэхэм я щІыналъэпсо зэхьэзэхуэм ябп уВыпІэр къыщихьащ Кочетов Олег. ЕтІуанэ хуэащ Щомахуэ Заур, ещанэ уВыпІэр лъагъэсащ Шаваевэ Лейла. Абыхэми зэпеуэм къыхэжаныкІа адрей егъэджакІуэхэми ирагащ зэпеуэм и щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ. ЗэрыжаІамкІэ, Кочетовыр хэтынущ къэралпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэу мыгувэу Москва щекІуэкІынум.

Ди республикэм щекІуэкІа зэпеуэм егъэджакІуэ нэхъыфІу къыщалъытащ щІалэм дохъуэхъу урысейпсо утыкуми ехьулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэригъэхьэну.

ТЕМЫР Дисэ.

● Зэпыщ1эныгъэхэр

«ДызэрывгъэцІыху»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэт концерт дахэ КъБКъУ-м щатащ Налшык дэт гимназие №24-м и еджакІуэхэм. ГуфІэгъуэр щызэхэтащ Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ Щэнхабзэ центрым.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, зи цІэ къитІуа курыт еджапІэмрэ университетымрэ зэпыщІэныгъэфІхэр яку дэлъщ илъэс кущ лъандэрэ. Ахэр зэдолажьэ гъэсэныгъэм, щІэныгъэм, Іэщ1агъэ къыхэхыным епха унэтІныныгъэхэмкІэ. Абыхэм тепсэлъыхьащ ныбжьыщІэхэр еджапІэ нэхъыщхьэм къыщ1ещэзыгъэблэгъа гупым я пашэ, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ Іуэхухэмрэ социальнэ лэжьыгъэмкІэ и проректор Къумыкъу Іэуес. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, къалащхьэм дэт гимназие №94-р университетым нэхъ быдэу пыщІа Іуэхущ1апІэхэм ящыщщ. Абы щолажьэ КъБКъУ-м къыщызэІуиха турист-хэкурыдж, инженер класс хэхахэр. Апхуэдэу университетым и Іэщ1агъэлІхэм илъэс кьзс школакІуэхэр щыгъуазэ хуащІ еджапІэ нэхъыщ1хьэм къыщ1ещэзыгъэблэгъа гупым я пашэ, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ Іуэхухэмрэ социальнэ лэжьыгъэмкІэ и проректор Къумыкъу Іэуес. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, къалащхьэм дэт гимназие №94-р университетым нэхъ быдэу пыщІа Іуэхущ1апІэхэм ящыщщ. Абы щолажьэ КъБКъУ-м къыщызэІуиха турист-хэкурыдж, инженер класс хэхахэр. Апхуэдэу университетым и Іэщ1агъэлІхэм илъэс кьзс школакІуэхэр щыгъуазэ хуащІ еджапІэ нэхъыщ1хьэм зыщ1ыхьэрагъаджэ Іэщ1агъэм, егъэджэныгъэм щІэуэ къыхьыхьэхэри хэту. Абы хуолажьэ «Іэщ1агъэхэм я дуней» курс хэхар. Кьинэмыщ1ауэ, гимназист нэхъыжьхэр гъэ къэс жыджэру хэтщ1 университетым къызэригъэпэщ1 «Августёнок» егъэджэныгъэ лагерым и лэжьыгъэм.

Иджырей зэхуэзэм къриубыдэу ныбжьыщІэхэм къагъэльэгъуащ щІэныгъэфІ зэрабгъэдэлъым къыдэкІуэу, творческэ зэфІэкІ зэмылІужьыгъуэхэр зэраІэри. 4 - 11-нэ классхэм щеджэхэм уэрэд зэмылІэужьыгъуэхэр жаІащ, къыззхуэсахэр теплъэгъуэ хьэлэмэтхэмкІи къыдахьэхащ. Проектым къриубыдэу ныбжьыщІэхэм утыку ирахащ «Ди унащьхьем телъ телъыджэхэр» темэм пыщІауэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэм къарикІуахэр. Школакіуэхэр тепсэлъыхьащ я унагъуэхэм щызэрахьэ пасэрей хьэпшыпхэм, абыхэм ябпщІа хъыбархэри къаІуэтэжащ. Апхуэдэхэт иджырей зэманым куэдрэ узримыхьэлІэж блын сыхьэтыжьхэр, яжьэкІэ ягъэплъу щыта етухэр, фэтыджэн уэздыгъэр, унагъуэ сурэтыплъэхэр.

Сабийхэм я лэжьыгъэхэр хуабжьу ягу ирихьащ университетым и лэжьакІуэхэми, школ егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми. Гимназием и унафэщІ Нэгъуей Риммэ зэджыжІамкІэ, апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэм дяпэкІи пащэнущ.

БЖЭІУМЫХ Къан.

● Пэрытхэр



ЩІэныгъэ куурэ жыджэрагъышхуэрэ

«ЕгъэджакІуэр къэралым и къару нэхъ лъэщ дыдэхэм яхьзольытэ, - жиІэгъащ Айтматов Чингиз. - Абы бгъэдэлъ псэкупсэ къулеягъым ди гъащІэм и Іыхьэ хуэд еубзыхуф». Хэкум зиужьын, ар ефІэкІуэн папщІэ зи зэфІэкІ емыблэжьэр, гъащІэм я пащьхэ къригъэувэ къаІэнхэр щІыхь пылъу зыгъэзащІэхэр зи щІалэгъуэхэм ящышщ, абы епха гушхуэныгъэр зыбжанэкІэ мэбагъуэ. Апхуэдэ егъэджакІуэхэм, щІэныгъэ куурэ жыджэрагъышхуэрэ зыхэлъхэм ящышщ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм Шафий Хьэчим и цІэр зэрихьэу зэ зэрыдыхьэ школым (унафэщІыр Къумыкъу Асльэнщ) и егъэджакІуэ Шыбзыхъуэ Марьянэ.

ЕГЪЭДЖАКІУЭ Іэщ1агъэр иджыри сабий щыкІэ къыхихат Марьянэ. Школым щадж предмет псомкІи щІэныгъэфІ бгъэдэлъми, пащьхэр нэхъ дзэзыхьэхэм ящышІт географиемрэ тхыдэмрэ. Ислъэмей дэт курыт курыт школ №92-р ехьулІэныгъэкІэ къыуха нэужь, а унэтІныныгъэхэм кууу хуеджащ Марьянэ. 2012 гъэм абы фІы дыдэу къыуащ Къэбэрдей-Балъкъэр зэрыт университетым тхыдэмкІэ и къудамэр. ЩІэныгъэ куу зззыгъэгъэуэта пащьщэр абыкІэ къэувыІакъым. Абы еджэным щыпищащ университетым епха аспирантурэм икІи ари 2015 гъэм екъулІэныгъэкІэ зэфІихащ.

ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм зэрыдихьэхьым хуэдэу, Марьянэ ильэси 5-м нэсауэ пэрытщ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Іэнатіэми. Тхыдэмрэ географиемрэ езыгъэдж лэжьакІуэ пашэм и дерсхэр купщафІэщ, хьэлэмэтщ. Ар хуабжьу йогугъу и гъэсэнхэм щІэныгъэ куу зэрабгъэдилъхьэным, пьэпкъ гъэсэныгъэ дахэ зэрахилъхьэным. Марьянэ и еджакІуэхэр жыджэру хэтщ районым, республикэм, Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм, къэралпсо мыхьэнэ зиІэ зэпеуэхэм. Хэтым и мызакъуэу, ехьулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрагъахьэ. Къапщтэмэ, 2015 гъэм екІуэкІа, Нобель и цІэр зезыхьэ академие щІыкІым къызэригъэпэща Урысейпсо щІалэгъуалэ конференцым хэтащ Шыбзыхъуэм и еджакІуэ Хьэщ1ыкІу Анжелэ икІи 2-нэ къыщ1ыхьащ. Къинэмыщ1ауэ, 2016 гъэм щыІа «Сигма» республикэпсо щІэныгъэ-практикэ конференцым, 11-нэ классым щІэсхэм тхыдэмкІэ я Кавказ Ищхьэрэ олимпиадэм, «Ябп итахэр» республикэпсо зэпеуэм пашэ щыхъуащ абы и гъэсэн зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Мэрэшэнкъуэ Сюзаннэ, Къалмыкъ Саидэ, Къалмыкъ Алим сымэ, нэгъуэщІхэри.

Ныбжьыщ1эхэм апхуэдэу фІыуэ зэрадэлажьэм къыдэкІуэу, езы егъэджакІуэри жыджэру хэтщ щІыналъэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхухэм. Зэрылэжьа ильэс зыбжанэм кьриубыдэу Марьянэ хэтакІэщ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым. Абыхэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ ар 2015 гъэм ехьулІэныгъэ иІэу зыхэта «XXI лІэщІыгъуэм и пашэ» къэралпсо зззхэсуэр. Іыхьитіу зэщхьэщыхауэ екІуэкІа зэпеуэм Марьянэ утыку кьыщІрихьащ бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэр. «Си Іуэху зехьэкІэр. Си ехьулІэныгъэхэр» презентацэм нэмыщІ, абы игъэлъэгъуащ «Хэкупсэ гъэсэныгъэм и мыхьэнэр» проектыр. Ахэр нэхъыфІу къыщ1ащІытащ ди республикэм икІи Шыбзыхъуэм къыфІащащ «КъБР-м и щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ» щІыхьащІэр. Абы и ужькІэ Марьянэ ехьулІэныгъэ къыщ1ихьащ зэпеуэм и къэралпсо Іыхьэми.

Лэжьакіуэ гумызагъэр илъэситІ лъандэрэ хэтщ «ЕгъэджакІуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэми. Нэгъабэ абы къыхуагъэфащащ зэпеуэм и щІыпІэ Іыхьэм и 3-нэ увыпІэр. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм Марьянэ Бахъсэн районым пашэ щыхъуащ икІи, республикэ Іыхьэм и кІэух зэпеуэм зэхьэфа егъэджакІуэхэм яхэхуащ.

ЗэфІих апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэмрэ хэлъ жыджэрагъымрэ фІыгъуэ куэд къыхудокІуэ егъэджакІуэм. Псом ябпрауэ, абы кьехь и гъэсэнхэми абыхэм я адэ-анэхэми я пщІэрэ лъагъуныгъэрэ, зэрыщІэхъуэпсауи, ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ куу ярет. КъыкІэлъыкІуэу, егъэджакІуэм бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэм гу лъатащ къыдэлажьэхэми, школым районми я унафэщІхэми. ЕгъэджакІуэм къыхуагъэфэщащ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыбдэзекІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

Зи лэжьыгъэр екІуу, къызыхуэтыншэу, иджырей дунейпсо мардэхэм хуэкІуэу езыхьэкІ егъэджакІуэ Іэзэм, гъэсакІуэ Іэкіуэлъакіуэм дохъуэхъу ехьулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэу, лъагаПІэхэм нэсу, узынщэу куэдрэ лэжьэну, гъащІэм и лъэныкъуэ псомкІи насып ин кьеуэлІэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьэн щыщІидзащ «Антитуф» социальнэ-егъэджэныгъэ проектым.

АР ябпэУ щаублащ Шэджэм районым хыхьэ Звёздный жылэм дэт курыт школым. ЩІэблэр жьэн уэм (туберкулёзым) щыхъымэным хуэгъэпса а проектым и жэрдэмщІакІуэщ КъБР-м и Дохутырхэм я палатэмрэ БифрендингымкІэ школымрэ.

«Антитуф» проектыр зыхуэдэмрэ абы къызэщІиубыдэ Іуэхугъуэхэмрэ сабийхэми балигъэкІа наІуэ щащІыну Звёздный къуажэм щылажьэ еджапІэм и гъэсэнхэм яхуэхьІуат КъБР-м и Дохутырхэм я палатэм и унафэщІ Іымэт Мурат, абы и къуэдзэ, палатэм Бифрендингымкіэ и школым и пашэ, психолог НакІэ Алинэ, дохутыр-ординатор, терапевт Папановэ Оксанэ, КъБР-м и Дохутырхэм я палатэм и ЩІалэгъуалэ комитетым и унафэщІ Гришинэ Анастасие. Абыхэм школакІуэхэм драгъэкІуэкІащ жьэн узымрэ абы зэрызыщыпхъуэмэну Іэмалхэмрэ ятеуха лекцэ купщІафІэхэр, мастер-классхэр, тренингхэр. Апхуэдэу сабийхэр ирагъэпІащ а Іуэхугъуэм теуха фильмхэм.

Дохутырхэм гулъытэ хэха хуащІащ жьэн узыр зыпкъыт сымаджэм етын хуей дэІэпыкъуныгъэм, абы зэрыхущытыпхъэм.

НакІэ Алинэ зэрыжиІэмкІэ, джэгу щытыкІэм иту сабийхэм ябгъэдэплъхьэ щІэныгъэр ныбжьыщІэхэм я гум нэхъыфІу кьонэ. Дохутырхэм я мызакъуэу, адэ-анэхэми егъэджакІуэхэми я къалэнщ ныбжьыщІэхэр къабзэлъабзэу щытыным къыхуараджэну, я узынщагъэм кІэлъыплъыжьфу ирагъэсэну.

Къытщ1эхьуэ щІэблэм я узынщагъэр хьумэным хуэгъэпса а проектым зэкІэ ябп лъэбакъуэ ичауэ ращ. Абы и жэрдэмщІакІуэхэм я мурадщ а Іуэхугъуэм ди щІыналъэм зыщІрагъэубгъуну.

КЪАРДЭН Ритэ.

Дерс къыхах

● Гъэсэныгъэ

Апхуэдэ Іуэхугъуэ дахэхэм щІэблэр щагъэгъуэзэн мурадкІэ, Налшык дэт курыт еджапІэ №10-м иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ Къумыкъу Имран цыкІу и лъэтеувэ. Ар къызззыгъэпэщар школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Бетыгъуэн Ланэщ. Адыгэ хабзэм епхаэ зы Іуэхугъуэ щагъэлъагъуэ закъуэ мыхъуу, къэралым къигъэув ФГОС-м и жыпхъэм иту гъэпсат а пшыхьыр. Ланэ и гъусэу пшыхьыр иригъэкІуэкІащ Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр Бейтыгъуэн Жамбулэт.

Имран цІыкІурэ абы и ныхъыжьхэмрэ хъуэхъу дахэхэмкІэ зыхуагъэзащ 2 - 8-нэ классхэм щеджэ цІыкІухэм. Адыгэм и сыт хуэдэ гуфІэгъуэ Іуэхуми джэгур, зэпеуэр хэту зэрыщытари сабийхэм ягу къагъэкІыжащ. 6-нэ класым щеджэхэу Шэру Оксанэ, Локъуэ Элеонеллэ, Мамыхъу Элинэ сымэ зэпеуат адыгэ лъэпкъым дыщащІэу зыхуагъасэ Іуэхугъуэ зыбжанэкІэ. Апхуэдэу, абыхэм дыкІэлъагъэплъащ сабийр дахэу зэрызэкІуэцІапхэжьыфым, зэман хухахам кьриубыдэу кІэртІофэ нэхъыбэ зыукъэбзыфри къэтхутащ, нэхъ дахэу щхьэщ зыухуэныфым деплъащ, адыгэ шхыныгъуэ зырызи ди пащьхэ къраплъащ.

5-нэ классым щеджэхэу Тэшухэ Іэдэмрэ Мухьэмэдрэ я ныбжьэгъуэхэм, хьэщІэхэм мы Іуэхугъуэм ехьэлІа къуажэхэщ кърагъэщІащ. Ныбжьыщ1эхэм Іуэхур ягъэдэхащ къафэрэ джэгуКІэ.

Купщафіэу, адыгэ хабзэм щ1ах Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ екІуэкІа пшыхьым, шэч хэмылъу, щІэблэм дерс къыхахащ. Лъэтеувэ зыхуащІа Имран цІыкІуи дохъуэхъу адыгэ лъэпкъым и цІыху нэс къыхэкІыну, лъэбакъуэ махуэ гъащІэм хичаеу къыщІэкІыну.

БАКЪ Мадинэ.

ЩІэблэм я узынщагъэр яхъумэ

● Ябп лъэбакъуэ

ЩІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным хуэгъэпсауэ

● Ди къуэш щІыналъэм

«Шагъдий вагъуэбз» зыфІаща шу зекІуэр Адыгэ Республикэм накъыгъэм и 3-м къыщыщІэдзауэ и 8-м нэсыху щекІуэкІащ. Бысымэм къищынэмыщІа, абы хэтащ адыгэхэр щыпсэу хэгъэгухэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм икІа щІалэхэри.

АДЫГЭ фащэ екІуІкІэ зэщыхуэпыкІа, къамэрэ сэшхэрэ зыкІэрыщІа шууейуэ 100-м нэблагъэ щыязщІагъэуІуа Іуэхугъуэ дахэр кІыгъэгъэпэща хъуащ, Адыгэ Республикэм и Іэтащхэ Къумпілыт Муратрэ а хэгъэгум и щІыналъэхэм я унафэщІхэмрэ я щІэгъэкъуэну. Зэдежьахэм махуитхум къриубыдэу кІыхьэранэкІащ псори зэхэту километр 262-рэ си кІыхьагъ гъуэгуанэ. ЗекІуэлІхэм зэщІагъэхьащ кІахэ адыгэхэр зыдзэ жылагъуэу 29-мрэ Краснодар (БжьэдыгІу къалэ) ипщэ лъэныкъуэмкІэ къыщыуназхуа и къэбзэщІэмрэ.

Къэплъыпэ зэрыхъунымкІэ, гъэзуанэ зэдытехьахэм а махуэ бжьыгъэм и кІуэцкІэ яхуэзэфІэкІащ шым екъэлІауэ адыгэхэм ябгъэдэлъа щэнхабзэм щыщу къытхуэнахэм, къэдгъэщІэрэщІэжьыну зи ужь дихьахэм, ди лъэпкъэгъуэхэр зекІуэр зэрекІуэкІам къыкІэлъыплъа псори зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми гъунэгъу хуащІыну, зищысыр зохрагъэщІыну.

Мы гъэм ирагъэкІуэкІа зекІуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Шууей Хасэм», Къудей Аслъэн зи пашэм, хьихьэ щІалэ 20-м щІигъури.

«Шагъдий вагъуэбз» зыфІаща шу зекІуэр Адыгэ Республикэм и Тэхтэмыкъуей къуажэм щиухащ. А Іуэхум иращІэкІа гуфІэгъуэ дауэдащІэхэм, а жьлэм я къыщыззэрагъэпэща шыгъажэ тельыджэм, нэгъуэщІхэми тедухуэну тхыгъэ зобгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынуц.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Саугъэт нэхъыщхьэр Голден Соул къехь

● Шыгъажэ

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Хабзэ зэрыхъуауэ, накъыгъэм и 9-м Налшык шыгъэжапІэм щыІурт зауэ илъэсхэм я уэрэдхэр, къеКІуалІэхэм сэлэт кашэ, лъэкъумрэ кхъуейрэ ирагъэшхырт.

НЭХЪЫЩХЬЭРАЩІ, ТекІуэныгъэм и махуэм и щІыхькІэ ягъэхьэщауа саугъэтхэр ягъэджэгурт. Шыгъажэ зэпеуэм кІэлъыплъыну къызэхуэсахэм ТекІуэныгъэм и махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуауэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іам и япэ къуэдзэ - мэкъумэш Іэнатіэмкіэ министр Говоров Сергей, Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэр кІыззащІэзыубыдэ «Урысейм и ипподромхэр» ОАО-м и щІыналъэ унафэщІ Щоджэн Хьэчимрэ «Урысейм и ипподромхэр» ОАО-м Налшык щиІэ къудамэм и унафэщІ АфІэунэ Аслъэнрэ.

Саугъэт нэхъыщхьэм - ТекІуэныгъэм и махуэм и щІыхькІэ ягъэувам - щІэбэнащ ильэсищ зи ныбжь щыхэр, абыхэм метр 1600-рэ гъуэгуанэр къызэпачащ. Кэудыр зыпэмплъауэ а саугъэтыр кІихьащ зы дакІикъэрэ секунд 45,2-м кІриубыдэу гъуэгуанэр къызэзыпэкІа Голден Соул шым (Быф А. ейм). Ар я фыгъэщ мастер-тренер АлІорхьэмрэ япэ категорие зиІэ шууей Шыкъымрэ. Къыхэдгъэщынци, Голден Соул къызэринэкІащ и хьэрхуэрэгъу лъэщхэу, «американкэу» Стрит Свиперрэ Бурарэ.

Нэгъабэ ТекІуэныгъэм и махуэм и саугъэтыр къэзыхар Сэкрэкэ яш Голден Стритт. Шы нэхъыжьхэр къыщыщІэздажа иджырей зэхьэзэхуэм абы къыщихьащ 115-нэ шуудзэм и саугъэтыр. КилометритІ гъуэгуанэм абы къыщыщІэрэнэкІащ Иц Э Бойрэ нэгъуэщІ хьэрхуэрэгъу лъэщхэмрэ. ТекІуэр и гъэсэнщ мастер-тренер Бахьуэ М., ар кьигъэжащ япэ категорие зиІэ шууей Къашыргъэ З.

Дзэ щІыхьым и кьалэ Налшык и саугъэтым папщІэ къыкІэлъыкІуэ щІэсищ зи ныбжь щыхэр. Метр 1600-рэ гъуэгуанэм щытекІуащ Сэрэ ниш Глори. Ар ТекІуэныгъэм хуащащ мастер-тренер Аломрэ ар къэзыгъэжа мастер-шууей Панжокъуэмрэ.

«Налшык» хьэлъэ заводым ей, ильэсищ зи ныбжь Чиф Пайлот, хьэрхуэрэгъу лъэщхэу Ликсмайл, Эксклюзив Джой, Макар сымэ ятекІри, (мастер-тренерыр Балъкъэрыгъ, мастер-шууейр Хьэмызырщ) метр 1600 гъуэгуанэм щызыІэригъэхьащ Совет Союзым и ЛІыхъужь Яхэгъауэ Михаил и фэеплъ саугъэтыр.

Совет Союзым и ЛІыхъужь Байсултанов Алим и фэеплъ саугъэтым щхьэкІэ къызэдэжащ ильэситІ зи ныбжь, иджы япэу утыкум кьихьэ щыхэр. Метр 1200-рэ гъуэгуанэр къыщыззэпачым къыхэжаныкІар «Алим-Агро» фирмэм и Благостный щырщ. Тренерыр Токъмакъырщ, къэзыгъэжар мастер-шууейр ПщыукІырщ.

ЛІыхъужьхэм, Хэку зэушхуэм хэтахэм я фэеплъ саугъэтыр лъысащ Джарик. Ар ейщ ЦІагъуэм, тренерыр Уэтэрырщ, къэзыгъэжар мастер-шууей ПщыукІырщ.

КъыкІэлъыкІуэ щыгъажэр екІуэкІынущ мэкъуауэгъуэм и 16-м.

ДЫЩЭКІ Альберт.

ТекІуэныгъэ Иным и гъуджэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтыщі гъуэзджэхэмкІэ музейм Ткаченкэ Александр и цІэр зезыхьэм щагъэлъэгъуащ ди республикэм щІыхь зиІэ и журналист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и сурэттех Толгуров Камал и лэжьыгъэр. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 73-рэ щрикъум ирыраГъэхьэлІа, гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэІуахым теухуауэ зэІущІэр ТекІуэныгъэ Иным и гъуджэми ярейщ, зи бгъэр дамыгъэ лъапІэхэм ягъэдахэ ветеранхэр сурэтым апхуэдизкІэ нэІурыту кьощри.

СУРЭТХЭР щитІым щІегъури, а псори Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэращ зытеухуар. Ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр къытхуэзызэуа нэхъыжьыфІхэмрэ Іуэхушхуэ абы хуэзылэжьахэмрэ зэрызбгъэдагъэувам куэд къыбжеІэ, псоми ящІар зыхуэгъэзауэ щытар Хэкум къыщхьощыжьнрати.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр мы музейм и блынхэм щыплъагъуу жысІэкІэ, егъэлея хьуну си гупсэкъым, - жиІащ зэІущІэр къыщыззІуихым, республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. - Ветеранхэр иджыпсту сурэтхэм кьикІыу Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам бгъуфІэм ирикІуэнми ярейуэ, лэжьыгъэхэр нэІурытыщщ. Ахэр нобэми зэрыщІыгъуэр, къытщІэхъуэ щІэблэми сурэтхэмкІэ зэращІэжьнур зи фІыщІэр ди ныбжьэгъу лъапІэ Толгуров Камалщи, екъуІэныгъэ иІэну ди гуапэщ.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ ираташ КъБР-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныжмкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**.

- СыкъыщІыхьэу сурэтхэм сазэрыІуплъэу сыкъэуІэбжьащ, - кьыхирэщащ Зумакуловым. - Абыхэм исльагъуэм я нэхъыбэр сцІыхурт сэ. Гуэщ куэдыр зэрымыпсэужьыр, ауэ абыхэм я теплъэр Камал и фІыщІэкІэ хъума зэрыхьур гуапэщ. Сурэттех гъуэздджэу диІахэм я лъэужь ихуу, Толгуровыр зэрыгуащІафІэр хуабжьу си гуапэ мэхъу. Тхьэм уригъэфІакІуэ, си къуэшыжь!

Толгуров Камал и сурэтхэм бгъэдэтщ.

УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Дау Марианнэ** жиІащ Толгуров Камал куэдым къызэрацІыхур, абы и сурэттехыр «зыхуэмылэжьа» ди щІыналъэм зэрыщыгъуэтыгъуейр. «Тхыдэ мыхьэнэшхуэ иІэщ нобэрей Іуэхум, - жиІащ абы. - Ди республикэр зи цІыкІуэгъым зэрихьа лІыгъэр инщ. Сэлэт хахуэу, лІыхъужьныгъэ къэзыгъэлъэгъуа цІыху щыпкъэу къэралыр зыхъумаХэм яхэтар зэрыкуэдыр мы гъэлъэгъуэныгъэм иджыри зэ наІуэ тщещІ». Марианнэ Толгуровым иритыжащ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я Урысей профсоюзым и дыжьын дамыгъэ лъапІэр, ахъшэ саугъэт щыгъуэ.

- Толгуров Камал гу пщІанэ, гу мыгъуэ зиІэ цІыху гъэщІэгъуэнщ. Сурэттех кьудейкъым, сурэтыщІщ, скупьпторщ, усакІуэщ. Абы игъэлъэпІэфынущ гъуэгу Іуфэм Іулъ мывэ щыкІури, абдеж кьыщыкІ удэри, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрей кьудейм щхьэкІэ, - жиІащ адэкІэ псалъэ зрата, Камал и лэжьэгъу, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Дышэкі Альберт**. - Дэтхэнэ я зы лэжьыгъэми Камал и псэм щыщ Іыхьэ хэлъщ. Сыт хуэдэ Іуэху емыкІуэкІми сурэт щытрех Камал, ауэ псом хуэмыдэу игъафІэр нобэрей гъащІэ дахэр, щхьэхуитыр кьытхуэзыхьа нэхъыжьыфІхэрщ. Араущи, сыхуейщ нэхъыбэу ныбжьыщІэхэр мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм кьрихьэлІэну, ди тхыдэм, ди цІыхухэм я лІыгъэм щыгъуаз хъун, пщІэ хуащІу къэхъун папщІэ.

Езы Толгуров Камал псалъэ щратым, и нэпсым кьызэпижьыхьри, зыри хужьІакъым. Дауи укъэмыгумэщІэнрэт?! Абы зыкърагъэхьэлІат Толгуровым и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъуэхэм, и гуащІэм пщІэ хуэзыщІэм, жыпІэнурамэ, Камал фІыуэ зыпІъагъуэхэм.

СурэтыщІ гъуэзджэхэмкІэ музейм и унафэщІ **Ремхан Еленэ** жиІащ гъэлъэгъуэныгъэр куэдым гъэщІэгъуэн зэращыхъунур.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Накъыгъэм и 9-м и пэ къихуэу Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр гуапэу ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм хэта, КъБР-м щыІэ МВД-м и ветеран, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Марченкэ Сергей. ТекІуэныгъэм и махуэмрэ езыр илъэс 95-рэ зэрыриКъуамрэ абы егъэлъапІэ.

ОФИЦЕРХЭМ лІыхъужьым гум ехуэбылІэ псалъэ куэд жраІэри, абы тыгъэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ Іэщіалъхьащ. Нэхъыжьми фІыщІэ кьахуищІащ зэращымыгупщам, пщІэ кьызэрыхуащым папщІэ.

Амур областым къыщалъхуа Сергей и адэ-анэм и гъусэу Налшык къэкІуащ сабий дыдэу. 1939 гъэм ныбжьыщІэр щІэнрэ ЕлІэ щыщІэ зэроклубым. Ар кьэзыухахэр Сталинград ягъэкІуат зауэм щыгъуэ. 1942 гъэм щІалэр зыхэт гупыр Къэзахъстаным ягъэкІуащ. 1945 гъэм мэлыжьыкъым и пэщІэдзэхэм Марченкэ яхэтащ Кёнигсберг (иджы Калининградщ) ебгъэрыкІуахэм, мазэ нэхъ дэмыкІыеуи мыбдеж ТекІуэныгъэр кьызэрахьам и хьыбарыр щызэхихащ. Зауэр ирихьа ижь Налшык къигъэзэкри, МВД-м щылэжьащ, и ныбжь нэсу тІысыжьыху.

* * *

УРЫСЕЙ ФСИН-м и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ, къэрал кІуэцІ кьулыкъум и полковник Кьанкъуэ Аслъэн я пашэу, а Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэр а махуэ дыдэм щыІащ Хэку зауэшхуэм хэта Тютюнников Дмитрийрэ абы и щхьэгъусэ Раисэрэ я деж.

Тыгъэхэр щратым УФСИН-м и лІыкІуэхэм ветераным фІыщІэшхуэ хуащІащ лІыгъэ зэрызэрихьам, ди зэхуэдэ ТекІуэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ икІи ехъуэхъуащ узынщагъэ быдэ, фІыгъуэ, насыпи иІэну, иджыри илъэс куэдкІэ псэуну.

Тютюнниковыр 1943 гъэм щыщхьэуІум Мэлгъэбэг деж зауэм щыІухьащ, Австриеми и щыхьэр Венэ ТекІуэныгъэм щыІуащІащ. Зауэ нэхъыбэм ар Налшык къэІэпхъуэри, мыбы унагъуи щыхъужащ. Бынищ зэдзэныІІэ зэщхьэгъусэхэр илъэс 70 хъуауэ зэдопсэу.

ХьэщІэхэмрэ бысымэмрэ зэгъусэу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Нэхъыжьхэр ягъэлъапІэ

● Прохладнэ щІыналъэ

Я къалэр ягъэдахэ

Прохладнэ къалэм и теплъэр ирагъэфІакІуэ.

ПРОХЛАДНЭ къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Тараев Игорь дыдэрэщІагъэзэщІэ, къалэм и теплъэр къэгъэщІэрэщІэнымкІэ ехьэлІа лэжьыгъэ мы гъэм къапэщыІащ: «Унэ бжьІупэхэр», «ЦІыхубзм я зыгъэпсэхупІэ щыІпІэхэр» зыфІаща проектитІым епха Іуэхуэм яужь итынуц. КІыщынэмыщІауэ, зыхуэй хуагъэзэнущ гъущІ гъэзу вокзалым и Іэгъуэблагъэр, къалэм и «Ипщэ лъэс зекІуапІэр», «Дружба», «Мега», «Винн-завод», «Яма» хьэблэхэр. «Теплъэ дахэ зиІэ щІыпІэр цІыхум ябгынэнукъым, дэрэжэгъуэ къариту щыпсэун мыхъумэ. Араущ ди Прохладнэр гъэдэхэныр ипэ игъэщыпхъэ Іуэхугъуэхэм щІыхьджар», - жиІащ унафэщІым. Фигу кІыдогъэкІыж: «Къалэ мыинхэм я парк» къэрал программэм ипкъ иту, къалэм и Ипщэ парклэр нэгъабэ зыхуэй хуагъэзащи, иджы ар къалэдэсхэм я кІуапІэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ ныпыр къыщхьэщыту

● Хъыбар гуапэ

Мырзэ Резуан къэралым и Кубокыр «Тосно»-м кърегъэхь

ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэр щыдгъэлъэпІа накъыгъэм и 9-м Къалэ-ЛІыхъужь Волгоград (нэхъапэм Сталинград) щызэхэтащ Урысей Федерацэм и Кубокыр 2018 гъэм футболымкІэ къэхъыныкІэ екІуэкІ зэхьэзэхуэм и кІэух зэІущІэр. Ди лъахэгъу Мырзэ Резуан абы щыдигъэкІа «дыщэ» топым и фІыгъэкІэ къралым и футбол саугъэт нэхъ лъапІэхэм ящыщ зыр Іэрыхьащ Ленинград областым и «Тосно» командэм.

МАЗЭ дэкІмэ щІэзыдзэну дунейпсо чемпионатым папщІэ яуха, цІыху мин 40-м щигъу къыщыщІэзыуса «Ростов Арена»-м куэду щыплъагъурт адыгэ ныпхэри щыуагъэу. ИкІи ар гурыІуэгъуэт - нэхъапэм зэи къэхъуатэкъым апхуэдизу ди лъэпкъэгъу зэуэ зэхэралым футболымкІэ и кубок нэхъыщхьэр зыІэрыгъэхьэным кІэух зэІущІэм щыщІэбзнауэ. Финалым хэтыну Іэмал ягъуэтат Курск и «Авангард»-м щыджэгу гъуащхьэхъумэныкъуэхэу Гъурф Азэмэтрэ Щоджэн Маратрэ, гъуащхьауэхэу Болэ Русланрэ ЛІуп Ислъамрэ. КъищынэмыщІауэ, абы хэтт нэхъапэм «Спартак-Налшыкым» и щІыхьыр зыхъумэху Дашаев Аслъэн, Багаев Михаил, Киреев Игорь, Войнов Денис сымэ. «Авангард»-м и тренер нэхъыщхьэр нэгъабэ налшыкдэсхэр зыгъасэу щыта Биджий Хьэсэнбийт.

Ди лъахэгъу зыбжанэ зыхэт «Авангард»-м Кубокым и финалым къыщыпэщІэтт Мырзэ Резуан зи пашэ, Ленинград областым и «Тосно» командэр. А адыгэ щІалэращ саугъэт нэхъыщхьэр зыІэрыхьэнур икІэм-икІэжьым зыгъэбелджылар.

Финалым хуэфэщэну джэгур хуабжьу удэзыхьэхыу щытащ. Абы щІидзэри, куэд дэмыкІыу, «Тосно»-р япэ ищащ. АрщхьэкІэ къыкІэлъыкІуэ ебгъэрыкІуэныгъэм Гъурф Азэмэт апхуэдизу Іэзэу топыр къыхитати, Киреев Игорь ар дахэу гъуэм дигъэкІри, бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ.

ЗэІущІэм и кІыхьагъкІэ Іэзагъ лъагэ кьигъэлъэгъащ Мырзэ Резуан. Абы ящІэртэкъым икІи щІэх-щІэхыуэ «Авангард»-м и гъащхьэхъумэхэр хуабжьу игъэпІейтейрт. Шэч хэлъкъым мы зэхьэзэхуэм и кІэух зэІущІэм ар и футболист нэхъыфІу зэрыщытам. Резуан и гугъуехьхэр псыхэкІуадэ хъуакъым икІи 80-нэ дакъикъэм дигъэкІащ, нэхъапэм зэи къэмыхъуауэ, «Тосно» командэм Урысей Федерацэм и Кубокыр Іэрызыгъэзэжа топыр. КъыхэжаныкІа ди щІалэм стадионым исхэм я деж гуфІэщауэ зричащ икІи и футболкэр щихри, адыгэ ныпыр зытет джанэр къыщигъэщащ «Cherkes» псалъэр ину тетхауэ...

Кубокымрэ дыщэ медалхэмрэ кьратыну утыку къыщашами, Мырзэ Резуан къихьащ адыгэ нып щхьэантІэм щІэту икІи и Іэпкълъэпкъым ар къешэкІауэ гуфІэгъуэр иІэтащ. Абы дэрэжэгъуэ кьритащ ди лъэпкъэгъу псоми. Адэкіи Резуан и ехьэлІэныгъэхэм пищэну дохъуэхъу.

Іыхьэншэ хъуакъым финалым щыхагъэщІа адрей ди щІалэхэри. Нэхъапэ Іуэкіэ къыфІаща «Урысей Федерацэм футболымкІэ спортым и мастер» цІэ лъапІэм къыкІэлъыкІуэ абыхэм кьратащ кІэух зэІущІэм зэрыхэтам папщІэ дыжьын медалхэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Сурэтым: **Мырзэ Резуан** *(яку дэтщ)* **Кубокыр къызэрахьар егъэлъапІэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныдж Замирэ, Хьэжьакъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**



Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкІэ, экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэдзэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм зэхэлъхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.049 ● Заказ №477